Министерство образования и науки РД

МКОУ «СОШ№8» г. Кизилюрт РД

# Открытый урок  с ИКТ

## на тему:

## ***«Подлежащеелъун т1аджубараб предложение»***

***Учитель :Абдулаева Х. Н***

## ***Тема: Подлежащеелъун тӀаджубараб предложение.***

***Дарсил мурадал ва масъалаби:***

_ Лъай кьеялъул: Жубараб предложение такрар гьаби. Подлежащееелъун тӀаджубараб предложениялъе баян кьей, гьеб цогидал предложениязул тайпабаздаса батӀа бахъизе ругьун гьари.

- Лъай цебетӀезабиялъул: Калам цебетӀезаби, литературияб мацӀалда цӀалдохъаби кӀалъаялде кӀвар кьей;

- Тарбия кьеялъул: рахьдал мацӀалде, ВатӀаналде рокьи цӀикӀкӀизаби.

Дарсил алатал: компьютер, карточкаби, тӀахьал, интерактивияб доска.

### *Дарсил ин:*

1. **Дарсиде хӀадурлъи.**
2. **КечӀ «Салам» - Ш.Ханакаев –аудиозапись.**
3. **МугӀалим:**

   Асаламу гӀалайкум

   Аваразул миллат-мацӀ

   Адаб кьочӀое лъураб,

   **Ахир рокьуе гьечӀеб. (Слайд)**
4. **Салам!**
5. **ЛъикӀ щварал, магӀарулал**

   Авр мацӀалъул гъасде!

   ЛъикӀ рачӀарал, ракьцоял,

   Бокьулеб гьаб сверуде!

   Салам гьалбадериде,

   Гьаб дарсиде рачӀарал,

   Умумузул гӀадатги

   ГӀамалги чорхолъ бугел!

ТIаджубараб предложение абула жиб бетIераб предложениялдаги бараб, жинца гьебги баян гьабулеб предложениялда.

**Мисал :**

ГIусман нижеда цадахъ вачIинчIо, щайин абуни гьев метер цIализе ине кколаан.

Авар мацIалда журарал нахърилълъарал предложениял союз рагIабигун рукIунел гIадин, гьел гьечIогоги рукIине бегьула. Гьел рукIуна батIи-батIиял: подлежащеелъун, битIараб дополнениелъун, хъвалсараб дополнениелъун тIаджубарал предложениял.

ЦIале гьал кицаби:

ВатIан хириясе хвел букIунаро.

Лъар бахине кIоларес гIор бахунаро.

Мадугьал вокьуларесе росуги бокьуларо.

Гьел предложениязда жанир тIаджубарал предложениязе кинал суалал кьезе бегьулел?

Подлежащеялъул суалал.

Гьелъул хIасилалда тIаджубараб предложение бетIераб предложениялъе подлежащеелъун кколеб бугони, гьединаб предложениялда подлежащеелъун тIаджубараб предложение абула.

Кинха нужеда ракIалде кколеб, нилъер жакъасеб дарсил тема кинаб кколеб?

8. **Дарсил темаги мурадалги рицина**.

Хъвай жакъасеб къо – моц1ги гьел кицабиги тетрадазда.

6. **Араб материал такрар гьаби:**

а) Кинаб предложениялда абулеб жубарабин?

*Жубараб предложение абула кIиго яги цIикIкIун гIадатал предложениял цолъизарун лъугьараб предложениялда.*

Мисал:

Гьури багъарана, ва гъветIги шапун анна.

ЦIумур кьабуна, цIалдохъаби дарсиде ана.

б) Жидер гIуцIиялде балагьун, журарал педложениял рикьула 2 тайпаялде:

I) журарал сокIкIарал предложениял

2) журарал нахърилълъарал предложениял.

МагIнаялъул рахъалъ жал цоцазда рачIел, бащадго кIвар бугел гIадатал предложенияздасан гIуцIараб предложениялда жубараб сокIкIараб предложение абула.

**Мисал:**

Дун ворчIана, роцIун дуниялги батана, рикIкIаде ун оцалги рихьана.

МагIнаялъул рахъалъ жал цоцазда рарал ва цояб цоялъ баян гьабулел, чанго гIадатаб предложениялдасан гIуцIараб предложениялда жубараб нахъбилълъараб предложение абула.

**Мисал:**

Кутакаб цIад тIаде гIунтIулеб букIана, гьединлъидал ниж НургIалил колоде кIанцIана.

7. Жубараб предложение гIуцIун букIуна бетIерабги тIаджубарабги предложениялдасан. БетIераб предложение абула жинца аслияб магIна кьолеб, тIаджубараб предложениеги жинде буссараб предложениялда.

**11. Гьаб хIаялъулъ бергьаразе щвезе буго мустахIикъаб шапакъат.**

Ахиралда а хIарп бугел предметиял цIарал ургъизе цо къокъаялъе.

Авалалда б хIарп бугел рагIаби ургъизе цоги къокъаялъе.

Цо –цо предложение гIуцIизе.

**12. Къокъабиккун хIалтIи .**

I94 хIалтIи ---- щибаб къокъаялъ кIи- кIи предложение хъвазе.

Цо – цо предложениялъул разбор гьабизе.

**13. Дарсил хIасил гьаби.**

Тестал.

Хириял цIалдохъаби!

МагIарулаз абула: «Дир наслуялда эбелалъул мацI кIочараб къо бачIунгеги» - ян.

МацI гьечIони – гьечIо миллат.

МацI ккола халкъалъул рухIияб бечелъи.

ЦIуне, цIалдохъаби, гIагараб магIарул мацI!

**14. Рокъобе хIалтIи.**

Рахьдал мацI цIуниялъе нужерго пикраби загьир гьабураб гьитIинаб сочинение хъвай, журарал предложениялги гъорлъе ккезарун.

**9. Дарсида хIалхьи:**




Гьал рукъзабахъ ругел хIарпалги дандран, цо рагIи лъугьинабе. Гьеб ккола гIемерлъул формаялъул предметияб цIар.

**10. РагIикъотI.**

1. Школа лъугIингун нилъер кIудияв шагIир Расул Х1амзатов кинаб шагьаралде цIализе арав?
2. Нилъеца 9 классалда цIалараб Муса МухIамадовасул къисаялда цIар щиб? Гьеб буго ясалда ва берцинаб тIогьода цIар.
3. Ф. ГIалиевалъул нилъеца исана цIалараб хабаралда цIар щиб?
4. Лъаларо, МухIамад, цогиязул иш,
   Амма дица дирго рахъалъ абила:
   Метер магIарул мацI хвезе батани,
   Хвайги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун.

   Щай дие къваригIун бугеб Дагъистан,
   Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа?
   Щай дий магIаруллъи, магIарул чагIаз
   Чияр мацI бицунеб жидерго гъасда?

   Гьал кочIол мухъазул авторасде цIар щиб?

Жегиги гьитIинго эбелалъ дие,
АхIарал кучIдузул канлъи ва хинлъи
ХутIана дилъ бессун, бакъул нур гIадин,
Бокьула рагIиз магIарул калам.
Мун букIинчIебани, чIваби тIутIураб
ТIармида релълъине букIана гIумру
ГIагараб авар мацI – дир бакараб цIва,
Бокьула рагIизе магIарул калам.